

Pran Davans pou preparaw anvan sezon siklòn kòmanse

Release Date: Me 7, 2024

Zile Vyèj Ameriken yo — Kounye a se moman pou oumenm ak fanmi w pou w pare pou sezon siklòn nan Atlantik la. Semèn Preparasyon Nasyonal Siklòn lan se yon opòtinite pafè pou evalye risk ou genyen nan tanpèt, mete ajou plan kominikasyon ijans fanmi ou, ranpli pwovizyon ijans ou yo, epi revize dokiman pèsònèl ak finansye ou yo.

Sezon siklòn nan Atlantik la soti 1ye jen rive 30 novanm, men pi bon moman pou prepare se anvan sezon siklòn lan kòmanse. Si w rete tann jiskaske yon tanpèt ap apwoche, gen anpil chans pou ke ou estrese, bliye bagay sa yo, oswa ou pa kapab jwenn pwovizyon paske yo pa disponib ankò. Achte pwovizyon pou katastwòf ou yo pandan ke etajè yo nan magazen yo toujou ranpli epi fè verifye asirans ou anvan ke van ak lapli kòmanse soufle nan Atlantik la.

FEMA ak patnè nou yo nan Zile Vyèj Ameriken yo pral fè yon seri egzèsis entèvansyon nan mwa kap vini yo pou asire ke FEMA pare pou sipòte yon entèvansyon nan ka yon tanpèt, sou demann teritwa a. Pi bon fason pou ede Zile Vyèj Ameriken yo afwongte ak rekipere apre yon katastwòf se aji jodi a pou prepare tèt ou ak fanmi w anvan yon dezaz. Nou chak ka pran mezi pou asire nou pare pou nenpòt dezaz.

“FEMA kontinye travay ak patnè nou yo nan Zile Vyèj Ameriken yo pou ranfòse kapasite kolektif nou pou aji ak rekipere apre yon katastwòf,” te di Aaron VanDoren, Koòdonatè Enterimè pou Biwo Zòn Karayib Zile Vyèj FEMA a. “Nou fè atelye ak egzèsis regilye pou asire nou pare pou sezon siklòn nan Atlantik k ap vini an ki ap kòmanse 1ye jen. N ap mande moun Zile Vyèj yo revize epi mete ajou plan preparasyon yo anvan kòmansman sezon siklòn yo pou asire yo pare tou. Li sifi sèlman yon siklòn oswa yon tanpèt twopikal pou lakòz yon dezaz,” VanDoren te di.

“VITEMA pran angajman pou l prepare teritwa a pou l reponn a tout katastwòf, ni natirèl ni sa lèzòm fè, epi konsantre sou sove lavi ak prezève pwopriyete. Tout



FEMA

Page 1 of 3

moun k ap viv sou teritwa nou an konnen ki jan siklòn yo ka devastatris, kidonk nou toujou vle raple kominote nou an ke preparasyon endividyèl ak lakay yo se kle,” te di Daryl Jaschen, Direktè Ajans Jesyon Ijans Teritwa Zil Vyèj yo (VITEMA).

“Ansanm ak patnè FEMA nou yo, VITEMA, dirijan ajans teritwa yo, Gad Nasyonal yo ak volontè yo patisipe pandan tout ane a nan aktivite preparasyon, egzèsis, ak evalyasyon pou ke, pandan mwa jen rive novanm, nou ka prepare jan nou kapab pou aji nan ka yon siklòn dirije sou wout nou,” Jaschen te di. “Pandan ke nou abitye ak preparasyon pou siklòn pandan sezon gwo mwa Out jiska oktòb la, VITEMA ankouraje kominote a pou Prepare, Rete Enfòmè, ak Vijilan pandan tout sezon an paske modèl move tan yo enprevizib. Gen resous sou Entènèt sou [Ready.gov](https://www.ready.gov) ak sit pa nou tou nan vitema.vi.gov.”

Pandan w ap prepare, adapte plan w ak founiti w yo ak bezwen ak responsablite w espesifik chak jou. Diskite sou fason moun ki nan rezo w la ka ede youn lòt ak kominikasyon, swen pou timoun, biznis, bèt kay oswa bezwen espesifik tankou itilizasyon ekipman medikal.

- Asire w ke tout moun nan kay ou konnen epi konprann plan siklòn ou an.
- Idantifye nenpòt èd adisyonèl ki nesesè nan yon ijans si oumenm oswa nenpòt moun lakay ou se yon ti bebe, granmoun aje oswa gen yon andikap, difikilte aksè, oswa kondisyon fonksyonèl.
- Gen plizyè fason pou resevwa alèt. Enskri pou [Alert VI](#) pou resevwa notifikasyon ijans nan Zile Vyèj Ameriken yo. Telechaje [aplikasyon FEMA](#) a sou telfòn entèlijan ou epi resevwa alèt an tan reyèl nan men [Sèvis Meteyo Nasyonal](#) pou jiska senk andwa nan tout peyi a. Tcheke paramèt yo sou aparèy mobil ou yo pou asire w ke ou ka resevwa [Alèt Ijans san fil](#), ki pa bezwen enskripsyon.
 - Prevwa yon opsyon rechaje ijans oswa plizyè pou telfòn ou ak lòt aparèy.
- Pwoteje kay ou kont tanpèt. Dezankonbre drenaj ak goutyè yo, anvizaje enstale panno siklòn epi kite plas lakay ou pou pote mèb deyò pandan yon tanpèt.
 - Enspekte epi fè antretyen nan dèlko w la regilyèman. Konsidere yon kontra antretyen ki bay omwen yon vizit sèvis pa ane. Kenbe gaz fre nan tank la, epi detanzantan balanse dèlko a pou teste pèfòmans li. Vizite flash.org pou jwenn konsèy sou fason pou w itilize yon dèlko san danje.
- Idantifye ki kote ou tap rete pandan yon siklòn. Swiv enstriksyon ajans teritoryal yo ki pral bay dènye rekòmandasyon yo ki baze sou menas pou kominote w la ak mezi sekirite apwopriye yo.



FEMA

Page 2 of 3

- Asire w ke règleman asirans ou yo ak dokiman pèsonèl ou yo ajou. Fè epi kenbe kopi fizik yo nan yon kote ki an sekirite epi sèk ak kopi dijital nan yon espas dijital ki pwoteje modpas. Ou ka bezwen dokiman w yo pou w aplike epi pou w resevwa asistans apre yon dezaz.
- Gen ase pwovizyon pou kay ou a, enkli medikaman, dezenfektan, mask, founiti pou bèt kay nan sak ale oswa nan kòf machin ou. Apre yon siklòn, ou ka pa gen aksè a founiti sa yo pou kèk jou oswa menm semèn.
 - Ranpli pwovizyon nan twous ijans ou a epi ranplase atik ki ekspire yo jan sa nesesè.

Vizite www.ready.gov/ht/hurricanes pou plis enfòmasyon sou fason pou w prepare, rete an sekirite pandan yon siklòn epi retounen lakay ou apre yon siklòn. Revize tèm Semèn Preparasyon pou Siklòn Nasyonal la, tankou konprann enfòmasyon previzyon yo epi pran prekosyon apre tanpèt yo nan www.noaa.gov/hurricane-prep-social-media-en-espa-ol epi swiv <https://vitema.vi.gov/> pou jwenn enfòmasyon sou evènman lokal yo ak preparasyon kominote a.

###

Misyon FEMA se ede moun anvan, pandan, ak apre katastwòf yo.



FEMA

Page 3 of 3